



Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO, MAJISTRA DE BLASIO AK PREZIDAN MTA PRENDERGAST ANONSE YON AKÓ SOU FINANSMAN POU PWOGRAM KAPITAL MTA

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Majistra Bill de Blasio ak Prezidan MTA Tom Prendergast jodia te anonse ke yo te rive jwenn yon akò sou rès finansman pou Pwogram Kapital MTA a. Eta New York te angaje pou bay \$8.3 milya, e Vil New York te angaje pou bay \$2.5 milya. Pwogram lan, ki totalize \$26.1 milya, dekri valè investisman enpòtan sou senk pwochen ane yo pou renouvle, amelyore ak elaji rezo MTA a. Sa a make pi gwo investisman nan enfrastrikti MTA nan istwa.

Gouvènè Cuomo te deklare: "MTA se eleman enpòtan New York, ede plizyè milyon vwayajè toupatou nan vil la ak banlye avwazinan yo, epi alimante youn nan pi gwo ekonomi nan mond lan. Defi nou se pou non sèlman ede sistèm nan kontinye alimante kwasans rejyon an, men pou kenbe epi reponn a kwasans sa pandan lap fèt. Plan Kapital MTA se sa nou bezwen pou fè sistèm nan vin pi entelijan ak pi rezistan, fasilite gwo renovasyon, elajisman ak devlope yon pati ekipman enpòtan kidonk pasaje yo pa oblije aksepte move fonksyonman enfrastrikti a ki demode. Plan sa a vle di yon sistèm transpò ki pi ansekirite, pi solid, pi fyab pou moun yo toupatou nan New York, e li enpòtan pou sipòte ekonomi nou an kap grandi. E pwogram sa te ka pat posib si tout moun pat kanpe pou jwe wòl pa yo. Jodia avèk akò sa a, nap fè yon investisman istorik non sèlman nan MTA, men nan avni New York."

Majistra de Blasio te deklare: "Sistèm transpò nou an se yon pati esansèl nan vil New York, ak ekonomi tout rejyon nou an. Se poutèt sa nap fè yon investisman istorik— pi gwo kontribisyon kapital jeneral vil la— pandan lap asire ke lajan NYC rete nan transpò NYC, epi bay pasaje NYC ansanm avèk kontribyab yo yon vwa ki pi fò. Map rete tann pou m kontinye fè patenarya avèk Gouvènè a ansanm avèk MTA pou asire yon sistèm transpò ki fyab, efikas, epi ansekirite pou tout pasaje li yo."

Prezidan Prendergast te deklare: "Preske twazan de sa, kòm inondasyon gwo tanpèt Sandy te bese, sistèm MTA a te retounen nan lavi, ansanm avèk Vil New York ak tout rejyon an. Tanpèt sa te demontre konsiderableman de verite enpòtan: wòl absoliman esansyèl ke sistèm transpò entegre MTA a jwe nan ekonomi rejyonal la, ansanm avèk difikilte pou kenbe byen yon konpayi plizyè trilyon dola fonksyone ansekirite ak fyab. Jodia, avèk akò ki fèt sou angajman pi gwo pwogram Kapital nan avni MTA ki pat janm

fèt anvan, nap pran yon gwo etap nan direksyon pou asire ke kalite sistèm esansyèl inik sa ap kontinye fè sa ki nesèsè – fè New York ak rejyon an avanse, ale delavan. Nou rekonesan a Eta ansanm avèk vil la paske li te rann posib pigwo pwogram Kapital MTA nan istwa l. Defi MTA pat janm pi gwo konsa. Nou gen anpil travay ki pou fèt e nou eksite pou nou kòmanse.”

Sou demann Eta, MTA pa twò lontan de sa te redwi konpozan Konsèy Revizyon Pwogram Imobilizasyon Pwogram Kapital la de \$29 milya a \$26.8 milya nan itilize metòd livrezon altènatif tankou konsepsyon-konstriksyon ak patenarya piblik-prive, ansanm avèk rasyonnalizasyon ak pwosesis akzisyon negosye. Rès \$700 milyon an (diferans ant etandi pwogram nan de \$26.8 milya e montan ki aksepte a de \$26.1 milya) ap fèmen nan efò MTA pou chèche plis efikasite oswa rediksyon pwogram ki nesèsè.

Daprè kontra ke Eta ak Vil la rive jwenn, pati yo dakò sou sa ki annaprè a:

1. Eta garanti \$8.3 milya nan Pwogram Kapital MTA kap founi pa sous Eta. Vil la garanti \$2.5 milya ke yap bay MTA ki soti nan sous vil la. Sous vil la gen ladan yon garanti \$1.9 milya ki soti nan sous dirèk vil la ak yon garanti \$600 milyon grasa sous altènatif prelevman revni taks. Akò sa a depann sou tout kondisyon yo ki dekri anba.

2. Vil ak Eta ap finanse sou menm orè sou yon baz pwopòsyonèl.

3. Pwojè yo nan Vil la ki finanse pa \$2.5 milya ki angaje pa Vil la (gen ladan pwojè ki finanse pa sous prelevman taks ki konvni avèk MTA) ap planifye pa Konsèy MTA an kolaborasyon avèk reprezantan vil la ki nan Konsèy Administrasyon MTA, avèk priorite konsiderasyon ke yo bay pou pwojè yo ak orè ki baze sou patisipasyon Vil la. Menm jan tankou pwojè banlye ki finanse pa banlye yo ap planifye pa Konsèy MTA an kolaborasyon avèk reprezantan banlye yo ki nan Konsèy Administrasyon MTA e avèk priorite konsiderasyon ke yo bay pou pwojè yo ak orè ki baze sou patisipasyon kominote banlye yo.

4. Eta pap detounen okenn fon oswa neglije pou bay nenpòt lajan ki te angaje nan Pwogram Kapital sa ki dwe oswa ke yo dwe MTA pou nenpòt lòt depans sof si li annakò avèk dispozisyon lwa Egzekitif 182 ki te pase nan 2011. Menm jan, Vil la pa detounen okenn fon oswa neglije pou bay nenpòt lajan ki te angaje nan Pwogram Kapital sa ki dwe oswa ke yo dwe MTA pou nenpòt lòt depans.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418